«Уэ умыщI Iумпэм си гуащIэр!»

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Тхылъхэм я бзэкIэ

3-нэ нап.

IэпэIэсэм и гупсысэхэр

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№140 (24.578) ● 2023 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 23, махуэку Тхьэмахуэм щэ къыдокI И уасэр зы тумэнщ

КIуэкIуэ Махъты и щIалэхэм я текIуэныгъэхэр

4-нэ нап.

Гъуэгухэр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыж

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ республикэм и хабзэубзыхуу органым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр. «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъэзугухэм щрагъэкIуэкI Iэхухуэмрэ «КъБР-м и транспорт Iэнатlэм и зыужьыныгъэр» къэрал программэр зэрагъэзащIэмрэ.

IУЭХУМ зэхэхауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м транспортымрэ гъэзу хозяйствэмкIэ и министр **Дыщэкl Аслъэнрэ** Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймуразрэ**.

Дыщэкlым щыгъэлъэгъуащ министерствэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр, тепсэлъыхьащ 2023 - 2027 гъэхэм ирагъэкIуэкIыну гъэзугухэм гъэжьыгъэхэм я илъэситху программэр зэрагъэзащIэм. Я пэ ирагъэщыпхъэхэм ящыщщ муниципальнэ щIыналъхэм щIыIэ, социальнэ мыхьэнэ зыгъэзащIэ Iуэхущ1эхэм екIуалIэ гъэзугухэр зыхуей хуэгъэзэным. ГъэзугумкIэ щIыIэ мардэхэр нэгъэсауэ ягъэззэщIэн папщIэ программэм Iуэхугъэ щхьэхуэхэр хагъэхьащ, абыхэм ящыщщ «Фlагъ лъагъэ зиI» гъэзу щынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым къыхуигъэувэр.

2023 гъэм республикэм и щIыналъэ псори къызэщIрагъэубыдэу гъэзу лэжьыгъэхэр щIыпIэу 120-м щIигъум щаублащ, абы текIуэдэну мылъкур сом меларди 4,6-рэ мэхъу. Илъэсым и кIэм ирихьэлIэу зыхуей хуагъэзэжауэ щытынущ хэгъэгуэгъэ зэпызыщIэ, щIыналъэ автомобиль гъэзугухэм зегъэужьныныкIэ дэIэпыкъун» федеральнэ проектыр, «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъужьын» къэрал программэр гъэзэщIэным.

Дыщэкlым мыхьэнэзыхуэ зиI лэжьыгъэхэм ящыщу кьигъэлъэгъуащ Шэджэм ЕтIуанэ - Булынгу автомобиль гъэзугу хьыхэ Хъущтэ-Сырт къуажэм щегъэжьауэ Булынгу жьыпэм нэс дэлъ, километр 27-рэ зи кIыхьагъ Iыхьэм щрагъэкIуэкI зегъэпэщыжьныгъэхэр. 2024 гъэм министерствэм и мурадщ Шэджэм псыкъелъэхэм я Iэгъуэблагъэм щыIэ, километри 2 хъу щIыналъэр хъуэзэр ящIыну, 2026 гъэм зегъэпэщыжьныгъэхэр щызэфIагъэкIынущ Булынгу къуажэм уезышалIэ, километр 25-рэ хъу Iыхьэм.

IЕ кIэм нагъэсащ Солдатскэ - Къэрэгъэш - Грабовец автомобиль гъэзугум щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэр. АрягъэзэщIащ «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъужьын» къэрал программэм хэту.

Апхуэдэу кIыхирэщащ машинэхэр щызэтримыхьэу Налшык къалэм и гъэзу зэхэкIыпIэхэр убзыхуным, транспортхэмрэ лъэсырыкIуэхэмрэ я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныжьыкIэ 2023 гъэм ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэ зыбжанэ.

Министрым жиIащ 2023 гъэм и кIэм ирихьэлIэу Прохладнэ къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр - Хуитныгъэкlэ зэджэр - зыхуей зэрыхуагъэзэжьынур. Нартхъалэ щыIэзэгъэпэщыжьнущ курыт школыр, сабий садыр, сабий творчествэмкIэ унэр, спорткомплексыр, стадионыр, медицинэ Iэхущ1апIэр зытет Къэбэрдей зэрамыр. Абы и фIыгъэкIэ мы гъэм къагъэщIэрэщIэж «Нарт» паркми нэхъ тыншу уекIуэлIэфынущ.

- Ар и щапхъэщ ди щыхуэхэм псэукIэ тынш къахуэзгъэщыным хуэунэтIауэ Iэхуэгугъэ пыухыкIаxэр зэрырагъэкIуэкIым, - кьыхирэщащ Дыщэкlым.

Апхуэдэу абы жиIащ республикэм и къалэ щIыкIхэм я гъэзу нэхъыщхьэхэр зэрагъэпэщыжьын папщIэ мылъкукIэ зэрызыщIагъэкъэуэнур. Апхуэдэ Iэхэу бгъэдыхьэкIэм Iэмал кьыдитынущ жьыпIэхэм я гъэзугухэм я щытыкIэр едгъэфIэкIуэну.

Министрыр къытеувыIащ республикэм и гъэзугухэм щынагъэншагъэр къыщызэгъэпэщыныкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэмэ. Апхуэдэу къыхигъэщащ гъэзугухэр къызэрагъэнэхум, лъэс лъагъуэхэр, зэпрыкIыпIэхэр, дамыгъэхэр зыхуей зэрыхуэгъэзэжьым и фIыгъэкIэ гъэзум кьыщыху насыпныншагъэхэр нэхъ мащIэ зэрыхьур.

Къэпсалъэм и гугъу ищIащ Iуэхущ1апIэм дызыхуэкIуэ зэманым игъэззэщIапхъэ кьалэнхэм, абыхэм ящыщщ Урысейм и гъэзу зэблэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм хиубыдэ, километр 16,5-рэ зи кIыхьагъ Арщыдан - Александровскэ гъэзугр зэгъэпэщыжьныр. 2024 гъэм къриубыдэу, щIыналъэ, щIыпIэ мыхьэнэ зиI километри 100-м щIигъурэ лъэмыж ухуэныгъэу метри 170-рэ зэрагъэпэщыжьну кьалэн зыщащIыжащ псори зэхэту, уэздыгъэ пкъохэр трагъэувэнущ километр 70-м. «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэ-кIи зегъужьын» программэм ипкъ иткIэ зыхуей хуагъэзащ автомашинэхэр щызекIуэ километри 6,8-рэ. Аxэр хеубыдэ Псыхъурей, Къэхъун къуажэхэм.

Транспортым зэрызиужьыпхъэм щыгъэпсэлъыхьым, Дыщэкl Аслъэн жиIащ республикэм и бюджетым къыхэкIыу, автобус 44-рэ къызэращхун кредит кьыIахыну хуит зэращIар, автобусыщIэхэр 2024 гъэм и щIышылэм и 31 пщIондэ зыIэрагъэхьэн хуэдэу, муниципальнэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIыIар.

Министерствэм и унафэщIым гъущI гъэзугхэми, къэухьлъатэхэм я лэжькIэми я гугъу ищIащ, «Налшык» аэропортыр зыхуей хуагъэзэн мурад зэраIэми, къэухьлъатэхэр нэгъэущI щIыпIэхэми нэсу зэращIыными, «Республикэ щынагъуэншэ» эи цIэ, Iамэ псымэ лъэщхэр къыщагъэсэбэн программэм хыхьэн мурад зэраIэми тепсэлъыхьащ.

Ахъуэхъу Таймураз Налшык къалэ округым и узрамкэмрэ гъэзугхэмрэ щекIуэкIа транспорт лэжьыгъэхэм тепсэлъыхьащ. «Фlагъ лъагъэ зиI» гъэзу щынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, 2019 - 2022 гъэхэм кьалэ узрамкэм ящыщу километр 72,46-рэ зэIузэпэщ ящIыжащ. «ЩIыналъэ, щIыпIэ гъэзу зэрыщIагъэр (КъБР)» щIыналъэ проектымкIэ 2023 гъэм гъэзугъэр щызэрагъэпэщыжащ Къэбэрдей уэрамым (Идарым и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Осетинскэм нэс), Осетинскэ уэрамым (Мэлбахьуэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Суворовым и щIэр зезыхьэм нэс), Кьалмыкъым и щIэр зезыхьэ уэрамымрэ Щоджэнэм и щIэр зезыхьэм рэ (2-нэ Тамань дивизэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Полевая уэрамым нэс). Кьинэмыщ1ауэ, зыхуей хуагъэзащ Мэзлом и щIэр зезыхьэ уэрамыр (2-нэ Тамань дивизэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Профсоюзэм нэс), Пятигорскэ уэрамыр (Щоджэнщ1ыкIум и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Уэлджырым и щIэр зезыхьэм нэс), Нэхущщ и щIэр зезыхьэр (КIыщокъуэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Осетинскэм нэс), Руставели и щIэр зезыхьэр (2-нэ Тамань дивизэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Профсоюзэм нэс). Мы гъэзым Налшык къалэ округым километр 11-м нэс къызэщIыбыдэу, уэрамий зэIузэпэщ щащIыжащ. 2024 гъэм зэлэжьныхэри яубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ 2-нэ Тамань дивизэм и щIэр зезыхьэр (КIыщокъуэм и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Идарым и щIэр зезыхьэм нэс), Осетинскэ уэрамыр (Суворовым и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ 2-нэ Тамань дивизэм и щIэр зезыхьэм нэс), Байсултановым и щIэр зезыхьэр (Шортэным и щIэр зезы-хьэм щегъэжьауэ Терчокъуэм и щIэр зезыхьэм нэс), Черышевскэм и щIэр зезыхьэр (Байсултановым и щIэр зезыхьэм щегъэжьауэ Ахъуэхъум и щIэр зезыхьэм нэс). Кьалэ уэрам нэхъ щIыкIуэхэри зэIузэпэщ ящIыну я мурадщ.

Хьыбар кьатащ щIыпIэ мыхьэнэ зиI з автомашинэ гъэзугхэм ирахьэлIэ лэжьыгъэм техуэуауэ, гъэсэныпхъэхэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэныным, Налшык дэт уэздыгъэхэм текIуадэр нэхъ мащIэу, езыхэри нэхъыбэрэ зекIуэу зэращIыным, гъэзугум кIэлъыплъ Iэмэсымэхэр зэIузэпэщ ящIыным, щIымахуэм хуэгъэхьэзырыным, къинэмыщIхэм.

- Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм транспортым епхауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ я мурадыр, - жиIащ Ахъуэхъум и къэпсэлъэныгъэр щиухым, - гъэзугухэмрэ тет транспортымрэ егъэфIэкIуэнырщ, узэкIуэныр нэхъ тынш щIыныращ. А лъэныкъэмкIэ лэжьыгъэхэр иджыри йокIуэкI.

Къэпсэлъэхэм жаIам тепсэлъыхьын щIадзэн ипэ, Егоровэ Татьянэ хъыхигъэщащ республикэм гъэзугхэм ехьэлIауэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд зэрыщекIуэкIыр, абы щIыхьэхэм гу зэрылъытар. КъБР-м и Парламентым и Унафэщым депутатхэм ягу кьигъэкIыжащ иджыблагъэ Тэрч муниципальнэ округым президиумым и зэIущIэ щрагъэкIуэкIар. Абы кьыщIэпсэлъэхэм кьыхэзгъэщащ щIыкIуэхэр зэрыарэзыр. ИтIани, щIыхуэр зыщIэупщIэ, унафэ къызыхуэгъэтыпхьэ Iуэху зэIуымбзэхэр иджыри щыщIыар, ар процент 19,1-кIэ нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым нэхърэ зэрырэхьыбэр.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и вице-премьер Чернышенкэ Дмитрий кьыхигъэщащ турист нэхъыбэу здэкIуэр, хьэщIэщхэм нэхъ пасэу зыщрагъэтхьыурэ, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэрауэ зэрыщытыр. Дыззрыт илъэсым и ягъэ мазибгъум къриубыдэу абыхэм я бжыгъэм нэгъабэрейхэм елъытауэ хэхъуауэ процент 54-кIэ.

Кьыхэбгъащмэ, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм я хьэщIэщхэм зыкIэщIыувыIэхэм я бжыгъэр мелуан 59,7-м щIегъу, е процент 18-кIэ абы кьыхэхьауащ. Бжьыпэр зыIыгъэхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Ставрополь крайр, Дагъыстэныр. Сыбыр Iэнатlэм къриубыдэу абыхэм я бжыгъэм нэгъабэрейхэм елъытауэ хэхъуауэ процент 54-кIэ.

Кьыхэбгъащмэ, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм я хьэщIэщхэм зыкIэщIыувыIэхэм я бжыгъэр мелуан 59,7-м щIегъу, е процент 18-кIэ абы кьыхэхьауащ. Бжьыпэр зыIыгъэхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр, Ставрополь крайр, Дагъыстэныр. Сыбыр Iэнатlэм къриубыдэу абыхэм я бжыгъэм нэгъабэрейхэм елъытауэ хэхъуауэ процент 54-кIэ.

Къ

«Уэ умыщІ Іумпэм си гуащІэр!»

Сэ сыщыпсэуР Налшык къалэм и уэрам нэхъ щэху дыдэхэм ящыщ, дахэщ, бгъуфІэщ. Машинэ зэхэзежэр щымащІэщ, къэкІыгъэ щхъуантІэхэм щІагъэнащ, гъэмахуэм деж гупсэхугъуэ щыбгъэтэу апхуэдэщ. Уэрамым и кІыхьагъыр зи километрым щІигъу къыщІэкІынщ - къэспщакъым, абы ирикІуэу асфальтыр тельщ. Абы зэрихьэр франджыхэм я коммунист партым и лІыщхьэу щыта Торез Морис и цІэрщ. Иджыпсту абы и дуней, къыгъэщІам сытетхьхьыну арахъым, къалэмри къыщІэсщтар абы щхьэкІэкъым. Ар зыфІэгъэщІэгъуэнхэм къагъэтыжынщ абы теухуа хъыбархэр.

ТОРЕЗ Морис и цІэр зезыхьэ уэрамыр Налшык и гъущІ гъэзу вокзалым и щІыбагъым къыдэтщ. ПщэдджыжькъІэ, лэжьакІуэ сыщыкІуэкІэ, ищхьэкІэ сыдэкІуейуэр есІуэнтІэкІыу нэгъуэщІ уэрамым сытехьэжьи хуей мэхъу. Унагъынщ къудейщ абы тесыр.

Ялэм щыгъуэ а щІыпІэр зэщІэкІэжарэ кІэрыхубжьэрыкУ идыпІэу, хьэулейхэр, фадэм дихьэхахэр жэщи махуи щызэхуэсу щытащ. Иджыпсту Іуэхур апхуэдэ дыдэу щытыжкъым, ауэ, итІанэми, щІагъэкъым, абдежым щыпсэу унагъуищи гугъу ираГъэхьу, ар ефапІэ-ешхапІэ щащІри щыщІэкъым. Нобэми дзыхьщІыгъуэджщи си сабийм и закъуэ а уэрамым дэбутІыпщхьэну, ауэ, Іэмалынщагъэщи, абыкІэ щызекІуэн хуей мэхъу - сабийхэр къалэ курыт еджапІэ №24-м, балигъхэр - автобус къзувыІэпІэм макІуэ.

Зы лъэныкъуэмкІэ гъущІ гъэзу вокзалым и сэрейр уэрамым и кІыхьагъкІэ ирокІуэ, мыдрейм кІэ - унагъущІм я куэбжэкэр къэгъэзащ. Уэрамыр къыззрагъэнэху уэздыгъи пкъохэм пыдзауэ щытакъым ялэм. ЗэрыжаІэщи, жащым нэм къыщІэІэбэр умылъагъуу апхуэдэт, иджы зыгуэрхэр къоблэ.

Си уэрамым тесэр ильэс зыбжанэкІэ уэзІёкІыжмкІэ дызэхьихьэри, щІыхьэу тщІащ, щІыпІэ гурымыкІыр зэщІэдгъэкъабзэри, пхъэнкІийр дегъэшащ, жыгъжьхэр, къуацэжьхэр идупщІыкІащ. Іэщщу жьпІэмэ, нэхъ щыщІэщІэплъ хъууэ тщІащ.

Гъэзгъращи, къиударэ, уэшх къеШхамэ, зэпрыкІыгъэйуэ апхуэдэщ. Пэжщ, иджыпсту нэхъ зыгуэр хъуащ - къиудэхэм мывэ кІащхъэр иракІутащ. Асфальти тралъхьэну жалат, ауэ нобэр къызэдэсын Іуэхур кІуэтакъым. Дыщыгъгъынщ гъэзгъэхэр зэгъэпэщыжнымк хуэгъэзауэ ди республикэм фІы дыдэу щагъэзащІэ къэрал программэр абыи къэсыну.

Ахэр псори зыгуэр хъунт икІи удэкІуэтэнт, мы Іуэхум гур зыгъэуз гуэр хэмылъамэ. Ар зэхьэлІар а уэрамым адыгэ усакІуэ, цІыху гъуэздэжь, лъэпкъым и набдзэхэм ящыщу къалытэтэ КІуащІ БетІал и цІэр зэрэзэрихьэрщ!

Дунейпсо тхыдэми, совет къэрал дыщапІами пщІэ яхуэщІын, ди блэкІам и фэеплъхэр дгъэлъэпІэн зэрыхуейри къызгуроІуэ, ауэ ди лъэпкым къехьэлаІэхэр, Іэмал щиІэхэм деж, апэ идгъэщамэ дауэ хьуну пІэрэт, жысІэри согупсыс. Ярэби, а уэрамитІым я цІэхэр зэрахъуэжамэ мыпхэхьыфІу пІэрэт? Ди хэт дэ Торез Морис? КІуащ БетІал-щэ?!

Ильэс куэд дэкІакъым зэрытщІэжрэ Гагарин Юрэ и цІэр зэрихьэу Налшык щыІа уэрамым Идар Темрыкъуэ ейр зэрыфІащэ. Космонавт цІэрыІуэм и лІыхъужьыгъэр ящыгъупщжауэ арахъым - нэгъуэщІ уэрамым фІащыжащ абы и цІэр. Абы щхьэкІи зыри къэхъуахъым. Мыбдежми апхуэдэу ящІми ягъэ мыкІыну кІэзолъытэ си щхьэкІэ.

Торез Морис и уэрамым нэмыщІ КІуащ БетІал и уэрамым къедэлыпІащ урысей литературэм и классикхэу Островскэм и Жуковскэмрэ я цІэкэр зезыхьэхэр, адэкІэ къокІуэ Комсомольскэ, Ломоносовым, Мичуриным я уэрамхэр. Е мыблхэм ящыщ зыгуэрымкІэ яхъуэжатэми хъунтэкъэ.

Нэхъ гъэщІэгъуэныжращи, КІуащ БетІал и уэрамыр тІуэр зэпыудащ - абы уэкъытекІэр Жуковскэм и цІэр зезыхьэм утехьэзэ, адэкІэ Комсомольскэм зытІэкІу уриКІуэжмэ, дурэш цІыкІу гуэр ижьырабгъумкІэ ущыхуэзэнущ, унагъуэ зытхух дзэу. Мис абдежым адэкІэ щыпещІэж ди усакІуэ цІэрыІуэм и уэрамым.

Мы къэмарр къыщІеотхэжьмкІэ щхьэусыгуэр адыгэ лъэпкъым зэращІыгъэжарщ, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм зэрамыщІэрщ КІуащ БетІал къикІуа гъэзуанэмрэ лъэпкъым абы хуиІэжьамрэ.

«Лы нэбжь къимыгъэщІами, КІуащ БетІал адыгэ лъэпкъым и гум къышІинэ лэжьыгъэрэ гуащІэрэ куэду къызэриІэкІащ, адыгэ лъэпкъыр зэрыпагэ хъугъуэфІыгъуэщ абы и Іэдакъэщ Іэкіыр, и цІэмрэ и пщІэмрэ зэи мыкІуэдыжынщ. Дунейм тетыху - зауэ гуащІэм щыхэтами, лэжьыгъэ Іэнатіэ щыпрыстами - БетІал зы махуэ закъэуи игъэпудакъым адыгэлым и пщІэмрэ и щІыхьымрэ, нобэр къыздэсым яхуэІуэтэщІыркъым абы хэлъа цІыхугъэмрэ лІыгъэмрэ я хъыбарыр.

Апхуэдэ хъыбар къэзымыІуэтэжа яхэтхькъым БетІал и ныбжьэгъуахэмрэ и лэжьыгъэхэмрэ - ар зыщІыхуу щыта дзэхэнэми. Нэхъыжьми нэхъыщІэми бзэ къахуэзыгъуэт, я пщІэр зыІытэтэ цІыхуэщхэт БетІал, и нэмысрэ и щхьефІагъкІэ, и акъылрэ и щІэныгъэкІэ цІэрыІуэ хъуауэ. ЦІэрыІуэ зэрыхъуам ирипагэжм, зи щхьэр япэ изыгъэщэм ящыщкъым БетІал, гу лъытэжэу къыщІэкІынтэкъым и щхьэм и уасэм, и напщІэ тельтэкъым ар - апхуэдэраш цІыхум я гум фІыкІэ къинэр, ящымыгъупщэр. Апхуэдэхэм ящыщщ БетІал - ар къыдалъхуауэ, и лъым хэпщауэ къыдэгъэзгурыІуащ», - дыкъыщоджэ тхакІуэ Къармокъуэ Хъэмид и Іэдакъэщ Іэкіэхэм.

«Зэман бзаджэм халъхуахэм ящыщщ КІуащ БетІал. И адэм пцІы тралъхэри, лъэныкъуэ ирагъэзащ, утыкум кІинэ щІалэм игъэващ «бийуэ» яГъэІуа адэм къыщІэна сабий насыпыншэм и дунейр, абы и фэм дэкІар къыщІэрагъэщІыгуэйтэкъым. Институтыр кІыиуэ хэжьи, и Хэкум ирагъэсакъым БетІал - КъуэкІыпІэ Жьыжьэм лэжьыгъэ «къыщІухуагъэутащ», ари лъэныкъуэ ирагъэзын хуейти.

Зауэр къэхъеящ абы здэщІыэм. Зы маХуи зиІэжьакъым БетІал: Іэщэ къищтэри, зауэм Іухьащ, Иуратэкъымк, къелащ, зауэм - лІыгъэ зэрихьауэ. И лІыгъэм кІыпэкІуащ Невский Александр и орденыр, Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр. Хэкум зэрикъуэ пэжыр Іупщ ищІащ абыкІэ: ГъэІ кІыкІэпъыІэрэхьами, зыми зыкъигъэгусакъым, илъэсиплІкІэ мафІэ лІыгъэм хэтащ, Хэкум и хъумакІуэ захуэм зэрихабзэу.

Зауэм кІикІыжа нэужь, аспирантурэм щІэтІысхьэри, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Яковлев Николай деж щеджащ. Аспирантурэр кІиухри, БетІал Налшык къиГъэзэжащ, щІэныгъэ-хьахуагъэ институтым щылажьащ. Абы щыгъуи мащІэ ирадзэкІакъым абы хьэІупс ящІам зэрикъуэр. И щхьэр щыщІрагъэхьаи къэхъуащ.

Жагъуэгъуми къелащ, япикІуэтакъым: хэутэн ящІыфрэхэм ящыщтэкъым БетІал, щІэныгъэкІи, акъылкІи, цІыхугъэкІи ефІэкІырт фІы игу къызыхуимыІэхэм, арауи къыщІэкІынт абыхэм я гу темыкуэр. БетІал щІэныгъэ зэрилъэгъуам сэ фІыуэ сыщыІуаэзщ. Бзэ зыбжани ищІэу щытащ. И анэдэлъхубзэмрэ урысыбзэмрэ нэмыщІ, нэмыщбзэкІэ псалъэрт, куржыбзэкІэ усэ къеджэрт. Хьэрпыбзэми хэзагъэу щытащ: Дохъушыкъуей щыщ ефэнды гъэрым зэредэуар сощІэж, КъурІэанми щыщ. Суроэм тэмэму къызэремыджэмкІэ къиумысри.

Ныбжьэгъу и куэдт БетІал, ныбжьэгъум захиІэтыкІыртэкъым.

Академик Толстой Никитэ, композитор Мурадели Вано сымэ я деж къыщыщІэдзауэ Къэбэрдей уэрамым тес шырыкъуІэщІ Шамил дыдэ нэсу - а псори и ныбжьэгъут БетІал, хэпІыхь ищыртэкъым: зигу къыхуэкъабзэм езыри яхуэкъабзэт. БетІал дунейм щекІужам щыгъуэ Гамзатовыр гъащ, уси итхащ. Щамили игъеящ и ныбжьэгъу усакІуэр...» - игу кІигъэкІыжырт Къэбэрдей-Балъкъэрыи и цІыхубэ тхакІуэ Нало Аскэрдэхан.

КІуащ БетІал ильэс зыбжанэкІэ щыпсэуащ Шортэн Аскэрий и унагъуэм. А тІур зэныбжьэгъут, зэкъуэшым хуэдэуи зэрыльагъурт. БетІал, а лъэхъэнэм зыщыпсэун иІэтэкъыми, Аскэрйий и деж ишат щыгъуэ. БетІал, а лъэхъэнэм зыщыпсэун иІэтэкъыми, Аскэрйий и деж ишат щыгъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэ зиІэ и артистк Шортэн Даниткэ куэдрэ игу кІигъэкІыжырт КІуащ БетІал теухуа хъыбархэр.

«Гум дыхьэ цІыхут БетІал. ЩІалэ къамылыфэ лъагъуГъуафІэт, Іэпкъльэпкъ зэІэщІэлът, тІэкІуи щІакъуэт. Ди деж щыІэхэу гу лъыстащ БетІал псэ къабзэ зэриІэм, нэмыс, хабзэ зэрыхэлъым. ЦІыху губзыгъэт, акъылыфІэт, и псэлъэкІэм удихьэхырт. БетІал щхьэгъусэ къыщыхуашами и хьэгъуэлІыгъуэм хэтащ Аскэрйий. Ди деж куэдрэ къакІуэу, щыІэу щытащ абы и анэри, и шыпхъу Зои, Тамари, адрей нэхъыщІэ цІыкІуи и цІэр сщІэжьхьым, ари я гъусэу. Мис апхуэдэу БетІал си нэгу къыщІэнащ.

Нобэ хуэдэу сощІэж а тхьэмыщкІэр дунейм щекІужар. 1957 гъэм накъыгъэм и 1-м Май махуэшхуэкэр дгъэлъапІэну зыдгъэхьэзырыр. Ди унэ гуфІэгъуэ Іэнэ щыдгъэуват. ХьэщІэу кІедгъэблагъат тиватрым я режиссёр нэкъыщхьэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ. Іэнэм дыпэрытІысхьэнщ щыжьитІэм, телефоныр кьеуащ.

- Майе, псынщІэу фыкъакІуэ, БетІал щыІэжкъым, - къызжиІащ абы и щхьэгъусэ Тамарэ. Сэ зэхэсхам си лъэр щІигъэуащ, - БетІал зэрыщымыІэжьыр фІощІыщІыгъуейт. Сыхьэт зыбжанэ ипэкІэ тлъэгъуа къудейт. Хьэдэр гуауэ къыслІэрыхьар Аскэрйий щыжеСІэм, къысщІэгубжащ, зэхихар делагъэу къыщыхуэрт: «Дауэ ар, БетІал мыпсэужи?» ДикІуащ къалэ сымаджэшм, Щомахуэ Амырхьэни ди гъусэу. ДыздыщІыхьам, тлъэгъуар пэжт - БетІал щыІэжтэкъым...

Аскэрйий абдежым хъыбар яригъащІащ ди артистхэмрэ БетІал и адэ къуэшым и къуэмрэ. Хьэдэр унэм яшэжащ. ИтІанэ Ленинскэ еджапІэ къалэ щыкІуэм и пэшышхуэм кьашэри, цІыхухэм ижь дыдэу ирагъэпагъужащ», - жиІэжат Шортэн Даниткэ.

ГъащІэ кІэщІу щытами, КІуащ БетІал хуэзфІэкІащ лъэужьыфІ къиГъэнэн. ЦІыху пэжу, адыгэгу иІэу дунейм тетащ. БетІал умыцІыхуми, и тхыгъэхэм къыбжаІэ абы и хьэл-щэнэр. УсакІуэм и дэтхэнэ зы сатыри гъэнщІащ цІыхугъэкІэ, гуапагъэкІэ. Ебы БетІали апхуэдэу щытащ.

КІуащ БетІал и усэмкІэ си тхыгъэр сухыну сыхуейт. Мы сатырхэм къагъэлъагъуэ ар зыхуэдар, и гур адыгэм, лъэпкъым яхуитхьащІыкІыуэ зэрыпсэуар: и гъащІэр кІэщІми - купщафІэт.

Дыгъэфі ящыкъым щІагъуи
Сызыщышынэр зыщ:
«ИщІэгъа щыІакъым щІагъуи,
ЛІащ, дыхуэзарэзыщ», -
Ар си лІэн Тэрунейщ.
Уэ умыщІ Іумпэм си гуащІэр,
Сэ уэ сырыуейщ.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

КІэфо Сталинэтхэ я унагъуэм щахъума сурэтым щыфІьлъагъур щапхъэу къалъыта Къэбэрдей-Балъкъэр педтехникумэм 1934 - 1935 гъэхэм етхуанэу къыщІигъэкІа егъэджакІуэхэрщ. Сурэтым итщ егъэджакІуэ 20-рэ студент 34-рэ. Абыхэм яхэтщ КІэфохэ Жангулэзэрэ Марьянэрэ. Ильэс 90-м нэблэгъа сурэтым зи благъэ, Іыхьлы къыщызыщІыкІыжхэр редакцэм фыкъатхэмэ ди гуапэт, зэман гугъум зи щІалэгъуэр хиубыдахэм я гъащІэм теухуауэ фщІэм дыщыбгъэгъуазэу.

● Мэкъумэш Іэнатіэм

Нартыхур Іуахыж

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэр нэхъыщхьэу зэлэжь къэкІыгъэхэм ящыщу нартыхур. Абы зэрегулъуэм и фІыгъэ къекІыжащ мы гъэм - гъавапхъэу тонн зы мелуан хуэдиз кІэрахьэлІэжащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іанэм къызэритамкІэ, абы ехьэлІа лэжьыгъэхэр къана щымыІэу зэфІэкІынущ, республикэм и бгылъэ щІыпІэхэм мы махуэхэм ар щыІуахьжмэ.

Министерствэм къигъэлагъуэ бжыгъэхэм къызэрыщыхьщымкІэ, гъавапхъэмрэ джэшхэкІ лІэужьыгъуэхэмрэ псори зэхэту тонн 1250-рэ республикэм къыщрахьэлІэжащ.

Сатуущіхэр ирагъэблагъэ

Херсон областым промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм зэбгригъэхэ хъыбархэм къызэрыхэзыщымкІэ, щыналъэм и куейхэм мэкъумэш жармыкІэхэр щызэхашэ, цІыхухэр ерыскъыпхъэхэмкІэ, хьэпшып зэхуэмыдэхэмкІэ къызэгъэпэща хьун папщІэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ жармыкІэу, сату щыпІэу 30-м нэблагъэ махуэ къэс щыІэ - зыгъэпсэхугъэхэри хэту. ХьэрычэтыщІэхэр, уней Іэхущіапіэхэр, я щхьэ хуэлэжьэжхэр сату щащІы щІыпІэхэмкІэ къызэрагъэпэщ, абы пщІэ гуэри щІамыту.

Ди республикэм и цІыхухэу Херсон областым и жармыкІэхэм хэтыну, я ерыскъы хьэзырхэр, ахэр къызыхащІыкІэр, хъэшпынхэр зыгъэпльэгъуну, а щІыпІэхэм абыхэмкІэ сату щызыщІыну хуейхэр ирагъэблагъэ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

● Узыншагъэ

Си нэвагъуэр сыбгъэлъагъужащ!

Нэвагъуэ жиІэу адыгэбзэм хэт псалъэ дахэм пыщІащ гъэщІэгъуэн куэд... «Си нэвагъуэр сыбгъэлъагъужащ» жиІэмэ, удын хьэлъэ зыхищІауэ къокІ. Адыгэр щысымаджэм деж и хабзэщ и нэр зэтрипІэрэ ирикъуэзу. Апхуэдэхэм деж жаІэ цІыхум и нэвагъуэр, пэж дыдэу, илъагъужу. ИкІи сымаджэм и нэвагъуэр илъагъужмэ - и лІэгъуэр къэсакъым, имылъагъужмэ - куэд имыхьыжыну и фІэщ мэхъу ди лъэпкъым.

СИ АНЭШХУЭР сымаджэ хьэлъэу хэлът, щІэимыІуэ узыр къеуэлІаерэ, хущхъуэр сэбэп мыхъужу и Іеигъуэм нэсауэ. Си адэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ ямыкъэу мыхъуну зэхэзехуэн хъуат, и анэ сымаджэр къигъэнэну хуэмейуэ. Ар ди анэшхуэм къыщищІэм, и напІэр зэтрипІэщ, и пэгъум къекІуалІэ нэ къуапитІыр ирипІытІэри: «Умыгъэвэу ежьэ, щІалэ, къэсакъым иджыри!», - жиІаэу щытащ. Сыт абы къикІыр жысІэу, ильэс 13 фІэкІа мыхъу сэ сыщепущІым, щэхуу жэуап кІытащ: «Си нэвагъуэр исыжрэ имысыжрэ сеплъауэ арац. Уи адэм зимыгъэгуващэмэ, сыпсэуу» къеКІуэлІэжьынущ». Сэ ар хуабжьу згъэщІэгъуат, игъащІэ псокІи гукъинэ сощІхуауащ.

Тхьэмахуэ иримыкІу хуэдизкІэ къэтауэ, си адэр къекІуэлІэжащ. Къызэрысыжу, аргуэру лэжьапІэм къыщІакъуэзащ, Урысейм кІэлъэ жьыжь гуэрым яГъэкІуэну. Абы щыгъуэ нанэ адыгэ щытакъым ар «си нэвагъуэр исыжкъым», жиІэри, икІи махуэ бжыгъэ нэхъ дэмыкІыу дунейм екъжат.

Медицинэ и лъэныкъуэкІэ а Іуэхугъуэм лъабжьэ гуэри иІэу къысхуэтІэщІакъым, сыт хуэдизрэ сымыпІысхуаами. Ауэ, адыгэм сытым дежи и фІэщхьуныгъэ, Іэзэгъуэ, хабзэ, щІэныгъэ иІэжу зэрыщІэхьыжьымэ, къыддекІуэкІ дуней еплъыкІэм лей хэлъхьащ.

АтІэ, сыт нэвагъуэр зищІисыр? Сыт лэжьыгъэ абы игъэзащІэр?

Нэкъгуэм иІэщ гуэанэ фІыцІэ, зи щІэр умылъагъу мащэм хуэдэу куууэ хьыпхъуэу. Мис аращ нэвагъуэ хъужыр. УрысыбзэкІэ жьпІэмэ - зрачок. КъызэрахутамкІэ, цІыхум и нэм щІэпсэ яхуэм нэф имыщІын папщІэ, нэвагъуэм нэхум и нэхъыбэр зэщІешэ, хьэршым щыІэ мащэ фІыцІэхэм (черная дыра) зэрыщэщІашэм хуэдэу. ГъэщІэгъуэнракъэ, нэвагъуэр зэрыхэхуащам е ин зэрыхъуам тращІыхьу, дохутырхэм жаІэфынущ цІыхум къеБыкІ узыфэхэр, зрихьэлІа хущхъуэр зыхуэдэр е зэгупсысыр. Псалъэм папщІэ, цІыхум афиян зрихьэлІамэ, пцІы иупсмэ, зыгуэр къеузмэ, мыхъумыщІагъэ гуэр игу къэкІамэ, е фІыуэ илъагъур илъэгъуамэ, абы и нэвагъуэр иныШхуэ мэхъу. ЦІыхум и нэгум нэху тебГъапсэмэ, гущыкІ зыхуиІэ гуэрым Іуплъамэ - зыззохуешэ, кІыфІым хэтмэ ин мэхъуж. Ауэ мыпхуэдэу газетым къидджыкІащ жьыфІэу, зи нэвагъуэр ин хъуахэм хьэрэмагъ фигу къаХуэвмыгъэкІ, щыІэщ хущхъуэ, нэ уэ зиІэкэм я нэвагъуэр ин хъуг папщІэ, нэм щІагъатКуэу!

Нэр мыинми, къалэнышхуэ егъэзащІэ, гугъусгъуу зэхэлъщ: цІыхур махуэм кьуриубыдэу 14000-рэ и нэр егъэупІэрапІэ; цІыхум и нэдджьджьм телъ уІэгъэр псынщІэ дыдэу мэкІыщ сыхьэт 48-м кьуриубыдэу; къалъхуагъащІэхэр нэпсыншэу магъ! Абыхэм нэпс щалэр я ныбжьыр тхьэшхуэ 4 - 13 ирикъуа нэужьщ; цІыхум и нэкур зэи хэхъуэркъым, кьыщалъхуам щыгъуэ зэрыщІта дыдэу къызэтонэ; нэр зи цІыкІуагъ пкъыгъуэ мелуанитІу зэІыльщ!; цІыхум и гукъэкІыжхэм я процент 80-р и нэкІэ илъэгъуам хуоэз; цІыхур щыгъуэ и пэнсри пэж. Ар пэшынкъым, атІэ нэпсщ, нэм ихьу пэ къуэдкІэ къежьэхауэ; цІыхум къэзыхъуреихь дунейр зэрилъагъур щхьэкъуцІкІэщ, армыхъумэ нэкъым. Нэр суРэттехыу убж хуэнущ. Абы илъагъур щхьэкъуцІым кьелъытэри, и пащхьэ и псори зищІысыр кьыгурыІуэу аращ; нэм екІуалІэ лыпІэхэм нэхъ псынщІэ Іэпкъльэпкъым илъхьым. ЩапІэзыпІэ жьхуиІэ псалъэм кьеІуэтэ ар; уи нэр зэтехауэ укъеспсыфынукъым; цІыхунэ узынщэм зы плъыфэм и фэгъу 500 зэхегъэкІыфІ; цІыхум и Іэпкъльэпкъ псом щыщу нэджьджьм и закъуэщ. Іыпнтхуэ зэмыкІуалІэр; нащхьуэхэр псори зэблагъэщ, кьызытехуэкъыжар зы пасэрей адэжьщ; цІыху къэс и зы нэм нэхъыфІу елъагъу адрейм нэхърэ; цІыхур хьэщыкъ зыхуэхъуам щыыпльэкІэ, и нэвагъуэр процент 45-кІэ нэхъ ин мэхъу.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Нэхъ лъапІэ хъунущ

ЕрыскъыкъэхэмкІэ урысей зэгуэхьныгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, мыгъэрей илъэсыщІэ Іэнэм ахъшэ яхъыбэ тельэдэнущ - нэгъабэрейм еплъытмэ, проценти 9,17-кІэ нэхъ лъапІэ хъунущ.

НЭХЪЫБЭУ зи уасэм хэхъуахэм ящыщщ мандариныр (процент 35-рэ), джэдыныр (процент 27-рэ), джэдыкІэр (процент 25-рэ). «КъаплІащэ, щыхуитІ зыгъэгъэхьэ, унагъуэм и илъэсыщІэ Іэнэм хуэгъэфащауэ сом мини 5,5-рэ ихьынущ. Илъэс ипэкІэ апхуэдэ ерыскъыІ Іэнэр сом мини 5-кІэ къыпхуэзгъэпащынт», - жиІащ зэгуэхьныгъэм и унафэщІым и къудэз Леонов Дмитрий.

ЩІэщІагъэлІым къызэрыхигъэщыжмкІэ, егъэлеиныгъэ зыхэмылъ илъэсыщІэ Іэнэм трагъэувэнчхэм хохьэ «оливье», бдзэжьейфэхур зыхэль салат лІэужьыгъуитІыр, лыхэкІым къыхэщІыкІа шхыныгъуэ пщтыр, бдзэжьей хугу зытещІэщІакъуэ бзыгъэхэр, кхъуей, нэкъуЛ бзыгъэхэр. Сабий зыщІэс унагъуэхэм къащхэу тортхэр, Іэфлыкіэхэр, пхъэщхьэмыщщхьэпсэхэр.

Апхуэдэу щытми, зи уасэхэр нэхъ пуд хъуэ ерыскъыкІэхэри щыІэщ. Абыхэм ящыщщ тхъуцІынэр, майонезыр, кІэртІофыр, бдзэжьей хугур, бдзэпгъпкъыгъуэр (горбуша).

Президентыщіэ яІэщ

Аргентинэм щекІуэкІа президент хэхьныгъэхэм щытекІуащ властым и ныкъуэкъугъуу щыт, «Хуитныгъэр къоблагъэ» зэгухьныгъэм къыбгъэдкІыу зыкъэзыгъэлъэгъуа Милей Хавьер. Къэралым и Хэхакіуэ советым наІуэ къызэрищІамкІэ, хэхьныгъэм хэтахэм я процент 55,75-р президентыщІэм и телъхьэщ, абы къыпэщІэта, Аргентинэм экономикэмкІэ и министр Массэ Серхио дзэныГъаэри мащІэкъым - процент 44,24-рэ мэхъу.

МИЛЕЙ Хавьер цІыхухэр къигъэгугъащ Аргентинэр зэрыт экономикэ щытыкІэ гугъум къиришну, яІэпэ зэрыщытам хуэдэу къэрал лъэщу пІалъэ кІэщІым кьриубыдэу зэфІигъэувэжыну. Апхуэдэу абы политикхэр кьыхуриджащ щхьэж и лъэныкъуэр ямыукъуэдийуэ, щыналъэм щекІуэкІыну зэхъуэжьныгъэм зэкъуэту кьыхьыхьну. «Аргентинэр зэфІэгъэувэжыным, къэгъэщІэрэщІэжьным щыІэдоІэ, абы и тхыдэ гъуэгуанэщІэр идоШажьэ», - жиІащ абы. Къэралым и президентыщІэр и кьулыкъым пэрыхьэнущ дыгъэгъазэм и 10-м.

Аргентинэм и президенту щыта Фернандес Альберто и ныкъуэкъуэгу политикым ехьэхъуащ икІи жиІащ къэралым и зэІуэпэщІащ, зыужьныгъэм и гъащІэм щхьэ хилъхьэну зэрыщыгъуэр.

Щэкіуэгъуэм и 23, *махуэкэ*

♦Псыкіэ зэІыпх хьу лэчым и дунейпсо махуэщ

♦1965 гъэм СССР-м и Кинематографистхэм я союз къызэрагъэпэщащ.

♦1794 гъэм къалъхуащ адыгэ еджагъэшхэз, тхыдэдж, филолог, уэзщІакІуэ **Нэгумэ Шорэ**.

♦1920 гъэм къалъхуащ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, зэдзэкІакІуэ, къэралым и Хэхакіуэ советым наІуэ **БетІал**.

♦1947 гъэм къалъхуащ усакІуэ, журналист, зэдзэкІакІуэ **Уэрэсей Афлик**.

♦1979 гъэм къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, АР-м щІыхь зиІэ и журналист **НэщІэпыджэ Замирэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык хуэдизу щыІэнущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жащым градуси 5 щыхьнущ.

Щэкіуэгъуэм и 24, *мэрем*

♦Мыщэхуэным и дунейпсо махуэщ

♦1927 гъэм Москва къыщыІэІуахащ Опереттэм и къэрал театрыр.

♦1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ къищтащ балъкъэр, къэрэшей, къалмыкъ, ингуш, шэшэн лъэпкъхэм я автономиер зэфІэгъэувэжыным теухуауэ.

1947 гъэм къалъхуащ адыгэхэм, Кавказым и тхыдэр зыдж, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лжьэхьуэ **Тамарэ**.

♦1966 гъэм къалъхуащ къэбэрдей радиожурналист **Гъубжокъуэ Рометэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жащым градуси 6 щыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.

«Терекалмаз»-м и зэфІэкІхэр Гаванэ щегъэльагъуэ

«FIHAV-2023»-рэ Іэнатіэ хуэдэ къызэщІэзыубыдэ 39-нэ дунейпсо гъэлъагъуэныгъэ-жармыкІэ Кубэм и къалащхьэ Гаванэ иджыблагъэ щекІуэкІащ. Сату-промышленнэ зэхуэсышхуэм кърихьэлІащ къэрал 60-м щІигъум я ліыкІуэхэр.

ДИ ГУАПЭ зэрыхъущи, абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Терекалмаз» АО-р икІи и «Экспокуба» іэзыхущІапІэм щІигъэльэгъуащ мывэм зэрелэжь, зэрызэпах и Іэмэпсымэхэр. Абы кьрихьэлІахэм ар гъэщІэгъуэн ящыхъуащ, Іуэхум ехьэлІауэ иужькІэ зэпсэльэн мурадхэр зэрыщІэкІри къыщыхагъэщащ.

Зэрыгъэщэци, налмэсыр и лъабжьэ Урысейм къыщыщІагъэкІ ІэмэпсымэхэмкІэ «Терекалмаз» АО-р къэралым и Іуэхущапіэ нэхъыфІ дыдэхэм хохьэ.

Гаванэ къалэм иджы щекІуэкІа гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкІэм «Терекалмаз»-м нэмыщІ хэтащ Урысей Федерацэм щІыдагъэр, газыр къыщІэзыш, машинэхэр зэпкърызыІпхъэ, медицинэ, фармацевт, ерыскъым, химие промышленностым елэжь и Іэнатіэхэу 20-м щІигъу.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

● КъБР-м и Прокуратурэм

Къалэ судыр хоплъэ

КъБР-м и прокуратурэр арэзы техуащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм екъэлІауэ къаІэта уголовнэ Іуэхум. Ар ягъэхъуанщэ УФ-м и УК-м и 286-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр (къулыкъу зыныГъм и хуитныгъэхэм къимыубыду абыхэм зэребэкъуар, къэралым и сэбэп зыхэлъхэр къызэпиуду) илэжьауэ.

СЛЕДСТВИЕМ къызэрилъытэмкІэ, Налшык къалэм и щІыпІэ администрацэм судым зыхуигъэзащ къалэдэсхэм хабзэм ебакъуэу ящІа уэхуэнгъэ зыбжанэр Іухьжьыным екъэлІауэ. Суд унафэхэм ятеуха тхьилъхэр Іэрагъэхьащ Урысей ФСС-м и управленэу КъБР-м щыІэм, Налшык къалэм и суд приставхэм ар ягъэзэщІэн папщІэ.

Ягъэкъуэншэм, 2019 - 2021 гъэхэм Налшык къалэ администрацэм и цІэкІэ суд приставхэм я Іэнатіэм пылъ мэкъэр хуигъэхьащ, щхьэзыфІэфыгъэкІэ ящІа уэхуэнгъэхэр Іухьжьным екъэлІауэ. Суд унафэхэм ятеуха тхьилъхэр Іэрагъэхьащ Урысей ФСС-м и управленэу КъБР-м **сэбэпыным екъэлІа хабзэр зэрагъэзащІэр.**

КЪЫЗЭРЫЩІАГЪЭЩАМКІЭ, районым и администрацэм бдзжэнд зэгурыІуэныгъэкІэ К. цІыхубзым щІы хухихащ, Іэщ гъэхъыным и къэзэрыгъэ зэпэпын папщІэ. НаІуэ зэрыхъэщащи, абы жыг щыхисащ.

Апхуэдэ ныкъуэсаныгъэхэр кІэрикІащ щІыпІэ администрацэм «А» уней Іуэхущапіэм ирищІыпІа зэгурыІуэныгъэмэ. Ар гъавэхэкІхэмрэ нэгъуэщІ мэкъумэшхэкІ гъэкІыным теухуауэ щытами, абыи жыг щыхисащ.

Районым и прокуратурэм щыпІэ администрацэм хуигъэващ а щыщІэныгъэхэр игъэзэкІуэжьну, бдзжэндыдыплажьэхэм ярищІыпІэ зэгурыІуэныгъэхэр икъутэжу, щІыр зыхуеИ хуигъэзэжьну, къызэрыгъэсэбэпІэхэм елъытауэ.

Іуэхур зэрекІуэкІым прокуратурэм и нэІэ тетщ.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жант

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Къэралым и цІыхухэр Газэ щІынальэм кърешыж

Урысейм Палестинэм хиубыдэ Газэ секторым щыІэ и цІыхухэр кьишэжьи щІидзащ щэкІуэгъуэм и 12-м. А лэжьыгъэр зэфІегъэкІ УФ-м Къэхъукъащ Іэ къызэрымыкІуэхэм япэщІэтынымкІэ и министерствэм (МЧС). Іуэхущ Іапіэм и къхъулъатэхэмкІэ цІыху 70-м нэс зыхэт ялэ гупыр кьишэжакІэщ. ЩэкІуэгъуэм и 14-м цІыху 98-рэ хъу еТІуанэ гупри Мэзкуу къэсКІэжащ.

- ИУЖЬРЕЙ махуэ 35-м псыи, уэздыгъи, гази, шхыни диІакъым, - игу кьеГъэкІыж сабиитІ зиІэ цІыхухэм. - Псы къабзэ едгъэсфэну зэрядмыгъэтам къыхэкІыу, ди сабийр сымаджэ хъуащ. Ауэ иджы щІыпІэ нэхъ шынагъуэм дикърашащ. ФІыщІэшхуэ худощі ди къэралым и Президент Путин Владимир, ди МЧС-ми дыхуэарэзыщ.

Зи гугъу тщІы щІыхуэр Палестинэм щыпсэууэ арати, «щтапІэ ихьэжаxэм» хуащІэ псомкІи зыщІагъэкъуащ. Ахэр Урысейм и цІыхуу зэрыщытым къыхэкІыу, дипломат зэпыщІэныгъэкІэ къэралым игъэкІуаxэр бысымxэм ягурыІуэри, гузэвэгъуэм хэхуаxэр къыхащІащ. БльщІхьэм, щэкІуэгъуэм и 13-м, Урысейм и цІыхуэху Газэм щІыпІаxэр Мысырым и щІыхьэр Каир и къхъулъатэ тедзапІэм нашэсащ. МЧС-м и лэжьакІуэ Мартынов Даниил лэжьыгъэр зэрекІуэкІым щытепсэлъыхьащ абдежым:

- Газэ щІыпІэм дыззэрыщІэрэ тхьэмахуэм щІегъу. Нобэ зэфІэдгъэкІа Іуэхур кьыдэхъулІэным ипэ кьихуэу, цІыху куэдым захуэдгъэзэн хуей хъуащ, лэжьыгъэшхуи едгъэкІуэкІащ. Махуэ къэмынэу, щІынальэм и унафэщІхэм, граждан зыхъумэжьиныгъэмкІэ, къэралкІуэцІ Іуэхуэхмэкіэ министерствэхэм, посольствэхэм доспасалъэ. Абы Мысырри, Израилри, Палестинэри жеубыдэ. ЩІыхуэр нэхъ псынщІэу къитшыжьын щхьэкІэ, ХАМАС зэгуэхэныгъэм щыщхэми даІущІэн хуей хъуащ. Дэ мыбы ди Президент Путин Владимиррэ МЧС-м и министр Куренков Александррэ я унафэкІэщ дыкьызэрыкІуари, цІыхуэхэр зэкъм гъэІэнхъуэжьиныр зэрыхъукІэ зэрядмыгъэгуфІэн иужь дитщ. Нобэрей Іуэхуэкіэ ахэр цІыху 70 мэхъу. Ди къэралым щыщу къытщыгугъ зы цІыхуи кьиднэнукъым. Апхуэдэ лъэІукІэ зыкьытхуэзыгъаззэхр «Рафах» зэпылъпІэм деж гъунапкъэм щІэзэпрыдошри, ди къхъулъатэм идогъэтІысхэ.

Израилымрэ Америкэмрэ лейуэ эрахьэр нахуэу дунейпсо утыкум кърихьащ Урысейм и лІыкІуэу ООН-м зэпымыууэ щыІэ Небензя Василий. ООН-м ШынагъэнщагъэмкІэ и советым и зэхуэсым абы щыжиІащ: «Палестинэм цІыкугъэр зыгъэпуд гуэзвэгъуэшхуэ щокІуэкІ,ديمه псор зэлъищІысауэ. Израилым и авиацэм цІыкуэхэм я унэхэм я нэхъыбэр зыри кьыхэмынэжу зэгрилъхуащ, зыхэпсэукІ хуэхуэщІэхэр хьэбэсабэ ищІащ. Ди щхьэфэщым зресэ икІи дыкъкъегъэгубжь школхэр, сымаджэщхэр, мэжджытхэр, щтапІэ ихьэжьпІэхэр лагьымхэм я нэщанэуапІэ зэращІам. Нагъуэ кьыхьыдогъэщ: бэм кьагъащхьэпэ уэхуэныгъэхэм Іэщащкъ уеуэнкІ цІыкум я хуитиныгъэм ебгъэрыкІуэ зэуэкІэщ. Дунейпсо цІыхубзм и хуитиныгъэр узэбакъуэ мыхъунщ. Сыт хуэдэ зауэри гуэзвэгъуэшхуэщ, ауэ мамыру псэухэм я унэхэр, махуэ кьэс я щхьэ Іуэхуэкіэ кьагъасэбэп уэхуэныгъэхэмрэ Іэхуэщ Іапіэхэмрэ къэбгъэхуэнкІэ Іэмал иІэкъым».

Небензя пхъашэу тепсэлъыхьащ Израилыр мамыр гъащІэм ебгъэрыкІуэным зэрыщымымэхъашэм, гущІэгъуншагъ инэ зыхэтІ и унафэ пхэнжэкІэ сабии, балигъи, цІыхубзи зэрыздигъакІуэм.

Палестинэмрэ Израилымрэ я зэпэщІэтыныгъэр жэпуэгъэм къыззэрыхъеижкрэ, цІыху мин 12-м щІигъу хэкІуащ. Колумбием, Боливием, Чилим, Иорданием, Бахрейным, Гондурасым, Тыркум я лІыкІуэхэр Израилым кърашыжащ. Тыркум и узчылхэм я зэгуэхэныгъэм къэралыр дунейпсо хейщІапІэм ирашэлІэну унафэ кьыщащтащ. Апхуэдэ жэрдэмкІэ утыку кьиухащ Ирландием щыщ парт унафэщІ Макдональд Мэри. Ауэ иджыблагъэ зэхуэса хьэрыл къэралхэмрэ Тыркумрэ хуабжьу псэльа фІэкІа, Палестинэм хуэщхьэпэн хэкІыпІэ гуэри кьаГъэлъэгуакъым. Абы и щхьэусыгъуэри наІуэщ: щыдгъэзмэрэ Іэщэмрэ я унафэр зэщІэкр Израилымрэ Америкэмрэ я жьІэм щІэтщ.

«Хьэрыл къэралхэм сыт тщІэн хуейр жькфІэу фызэхуэсауэ зэхэсхащи, фэ зы къэлэн закъуэщ фиІэр: фи жьэр зэтефпІи фыщыс!» - жиІэри къэпсэлъащ укьытэри цІыхуэ гъэри зыкфІэкІуэда, Израилым и премьер-министр Нетаньяху Биньямин. «Мы Палестинэм къыщыбгъэхъуэм узэрикьыжьнум зыхуэгъэзэхьэзыр!» - къритащ абы жеуап Тыркум и президент Эрдоган Тайип. Дунейпсо цІыхубзр уэрамкэм дэтщ, сабий укІынкр щыбгъэт, жаІэри. Ауэ гуэзвэгъуэм и кІэр иджыри кьэлъагъуэрэкъым.

ЩэкІуэгъуэм и 17-м ирихьэлІэу, Урысейм цІыхуи 168-рэ кьашэжащ.

Гъэм и зэман къэс и Іэнэ уху зкІэ иІэжщ. Гъавэр щыІуахьыж бжьыхьэм хуэдэу щІым къытекІ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ унэри унагъуэри щагъэгуфІэ кьиззэрытхуимыхуэм хуэдэу, узыншагъэрэ къэуаткІэ гъэнщІа я гъащІэ гъуэсэхэм яхуэфащэн пщІэ яхуэтщІыжьыфыркъым. Унагъуэ шхыным и пщІэр зэрыкІэрыхур ди щыналъэми лъэпкъ хьэлми емыкІу, фейдэ щІагъуи къызыхэдмых Іуэхущ.

КъыпцІэ дэлэным и хъыбар

ЭКОНОМИКЭМ къыщыщІидзэр унагъуэм ильэ зэгъэззэхуэкІэрщ. Зы тхьэкІумэмкІэ уодаІуэри: «Мыбы узыхуей щыбгъуэгъу ущыпсэуфынукъым». Я щынальэм исыжмэ, зэманым къыкІэрэхуну, щыпІэ жьжьэ кІуэмэ, ахъшэшхуэ къалэжьыфыну къащохъу нэхъыбэм. Мыдрей тхьэкІумэм апщІондэху къиІуэр сыт? «Ди хадэм мыЗрысэу (къыпцІэу, жьзуму, кхъужьу, къинэмыщІу) икІуэдэжьр зыхуэдизыр пхужкІэнкъым». Дяпэ псэуахэм ар хуэмыху хьэлу къалъытэрэ ягъэемыкІуу щытамэ, дэ ди льэгум щІэльыр ди жьэм зэрытхуэнэмыхьэсымкІэ зыдогъэщІагъэ. «Тхуэзфокі, къыдощэхуф» жьІІэу аращ а «ззэмыгъэззхуэну сыхуитщ» къыззэрыкІ псалъэхэмкІэ. Гугъу ехьу унагъуэм кьрахьа сомым берычэт щІэзыхыр сыт-тІэ, армырамэ? ЩІалэгъуалэри хамэхуэплъэ щІэхъуар унагъуэ ерыскъыуэ яІухуэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар армырауэ пІэрэ? Къару зытекІуадэр къарурэ узынщагъэрэ пхуэхъун папщІэ, зэгъэзэхуэкІэ пщІэн хуейщ.

ЩІым ептыр къуетыж щыжаІа ди Хэкум хуэдэу ГъавэмУщимыгъэзэлэрыгъ щІынІэ куэд щыІэу къыщІэкІынкъым. ХадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ куэд къажэпщІкІ зэрыхъум нэмыщІ, интернетым кьыдит Іэмалымкіэ нэгъуэщІ Іэпкъхэм къадекІуэкІ ерыскъы бгъэдыхьэкІэри зэдгъэщІыхуну Іэмал диІэщ. Ар ІэщІыб дымыщІмэ, нобэ куэд зыгъэзгъэзэсыжэ лы лейми фІы кьыдэкІуэ узыфэхэми, игъащІэ лъандэм зэрыщытам хуэдэу, ди щІыналъэм къыпакІухьынт. Псом хуэмыдэу мы Іуэхур щыбгъэунэху хьэжьгъэм къыхахащІкІ лэкъумэхэлыеВзэкмрэ дэлэнхэмрэ.

Нобэ зи гугъу тщІыну Баррос Марион и пщарІэ тхьПлъэр къыдигъэкІын ипэкІэ, «Нью-Йорк таймс» газетым илъэс 15-кІэ щылэжьащ, пщэфІэным хухаха пІланэпэм ихуэну тхыгъэхэр игъэхъэзыру. Ауэ Америкэ псом цІэрыІуэ щызыщІар и нывжьгъуэм и гъусэу къыдигъэкІа, «ЕкІуэ тыншу» зыфІищащ и япэ пщафІэ тхылъыкр. Абыхэм иджыри тхылъ зыбгъупщІ къакІэпльыкІуащ. Ди деж абы и цІэр къэзыхьэсар бзэ зыбжанэкІэ зэрадзэкІа «КъыпцІэ дэлэным» и пщэфІыкІэрщ.

ЦІыхур дунейм зэрытетри къыпцІэм къыхащІыкІыфыр къыхащІыкІ, ауэ Баррос Марион и цІэм ар епхауэ къыщІэнар дэлэным и пщэфІыкІэр «Нью-Йорк таймс» американ газетым ильэс зыбжанэкІэ къызэрыградзэщ. Бжьыхьэр къызэрихьэу, щІэджыкІакІуэхэр льаІуэрт: «КъыІэ, нэгъабэ къытевдза къыпцІэ дэлэным и гъэжьэкІэр къытебдзэж». ЗэрыжаІэмкІэ, газетеджэхэм я льэІукІэ ар бжьыхьэ къэс къытрадзэурэ ешри, редактор нэхъыщІэр икІэмикІэжьым къэгубжьащ: «Мы къыпцІэ дэлэным и пщэфІыкІэр иужь дыдэ къытеддзэу ащи, е къыфтхыкІ, е мальхъэдисым тету евгъэщІи, фи щІыналъэхэм кІэрыбгъапщІэ».

Дари мурад тщІащ апхуэдиз цІыхум гурыхь ящыхъуа ерыскъым и щыкІэр фэдгъэщІэну.

Дэлэн жьІІэ щхьэкІэ, ипэжьпІэкІэ мыр «пирог», уеблэмэ «торт» жьхуаІэ хьэжьгъэжьхІэхэм я лІэужьыгъуэщ. Пщагъэ халъхьэу ягъэтэджькъым, тхъуцІыкІэмрэ фошыгъэмрэ дждыкІэ удакІэ зэкІэрашэжьу ащ, тхъэвар ьхэжьгъэ куэд зыхэмылъ хъудыр Іуву аркъудейщ. Дэлэныр гуакІуэ ещІ абы дэпльэхьэмрэ езы тхъэвымрэ зэхуэдиз хуэдэу зэрыщытым, псынщІэу хьэзыр зэрыхъум, егъэлеиуэ зэрыІэфым. КьыпцІэм и пІэкІэ мыбы сыт хуэдэ пхъэщхьэмыщхьэри хэпльхьэхьунущ, езы кьыпцІэм и дэтхэнэ лІужьжьыгуэри иозэгъ. КъызэрыгуэкІ инагъ зиІэм хуэдэмэ, къыпцІэ 12 ехь, купкъыр кьыпрэ тІууэ зэгуэпчмэ, 24-рэ хъун хуэдэу, «Анжелинэ» лІужьжьыгуэм хуэдэу инмэ, 6 - 7 ирикъунущ. Хуейм ар Іыхьилп ирещІыкІ. ТІум щыгуэмэ зэрыхэпльхьэнур и пкъыр кьихарэ зэгуэчаузщ.

ТхъуцІынэмрэ (грамми 110-рэ) фошыгъэмрэ (грамми 200) фІыуэ зэхьыбгъэзэрыхь, джэдыкІитІ хьбокъутэри, фІыуэ зэзыбощІэ. Зэрадэ Іэмэпсымэ уиІэмэ, нэхъыфІыжщ. ЩІхьэхуэу хьэжьгъэ (грамми 150-рэ), зыгъэбатэ (разрыхлитель) шей бжэмыш, шыгу Іэнэтез эзхьбольхьэри, ипэкІэ зэрыщІэ хъудыр пІащІэр (тхъуцІынэ, джэдыкІэ, фошыгъу) абы хьбольхьэж. Аргуэру фІыуэ зэІыбощІэ е боудэ. Тхъэвыр быдэ хъун хуейкъым. Зэрыбгъэжьэну тебэм тхъуцІынэ щыпхуэу хьэжьгъэ тІэкІу ибгъэщащэ мэ хъунущ, е кІэрезымыгъасхьэ тхылъымпІэ иплъхьэу, дагъэ тІэкІу щыпхуэми, тыншу кьыбохьиж. Зэрыпх хъу, «бгыРыпх зыщІэлъ» тебэм хуэдэкІэ бгъажьэмэ, нэхъыфІыжщ. Зэрыбгъажьэну тебэр хьэзыр хъуа нэужь, тхъэвыр абы зэхьжьащІ я ибольхьэри, тыбольащІэ. И захуагъэм уемылІалІэми ягъэ кІынукъым - жьэху езым зиуэзжужьнущ. ИтІанэ тхъэ щІыІум тІууэ зэгуэча къыпцІэхэр уемыгуэуащэурэ хьбогъэтІысхьэ. Шхынигуэ псоми щэху гуэр хэлъщ. Мыбы апхуэдэ щхуу тІу иІэщ. Зыр - тхъэвым хэбгъэтысхьа къыпцІэм фошыгъурэ ташынрэ (корицэ) зэрыпткІутэрщ. Фошыгъу бжэмышхьшхуитІ къэс зы ташын шей бжэмышх хуэзэу зэхэпщІэрэ, хьэжм ибгъэуэн ипхкІэ абы щыщ фІыуэ зэлъэІсу тепкІутэмэ, ардей щыгъуэхэм мащІэ-куэдыр зэрыпфІэфу зэбгъэзэхуэжынщ. ЕтІуанэу: къыпцІэхэм я фэр егъэзыхауэ, и кур къыдэгъэзеІуэу хэбгъэтІысхьэмэ, зы дэлэн лІэужьжьыгъэ мэхъу. И фэр къыдэбгъэзейрэ и кур епІубэхмэ, къыщІэж псыр тхъэвым макІуэри, ари мащІэу мыдрейм къыщхьэщокІ. ЦІыхьэ зэрыфІэфІщ. Хьэзыр зэрыхъуар сенычыпэ хэпІуам тхъэв къыззэрыкІэрымыпщІэмкІэ къыбощІэ. Кьыппжжэ нэужь, фошыгъу хьэжа тепкІутэмэ, Іэфымра дахэмрэ зэпеуэу гуакІуэ хъунущ, ауэ фошыгъуакІэ иумыгъэлеиныр губзыгъагъэщ.

Баррос Марион ерыскъым и Іэфымрэ и зэгъымрэ хэзыщІыкІ пщІэфІэхэм язу кьаІыьэгъ. Псалъэм папщІэ, мы зи пщэфІыкІэ къэтхь къыпцІэ дэлэнэр хуэщІэнкІ зыхэлъ хьэжьгъэ гъуабжэкІэ пщІымэ хъууэ жеІэ. И тхылъ псоми цІыхум хуэщхьэпэ е зи зэран кьекІхэм я гугъу щещІ. И Іэбэкіэмрэ и тхэкІмрэ гунэсу щІыщытыр цІыхубзр бзэм зэрыхуеджарщ, «Уэлсли колледж» еджапІэр «инджвылз литературэ» Іэщащэмкіэ кьиухащ. Лэжьэн зэрыщІидзар пщэфІэным хуезыГасэ егъэджакІуэущ. 1974 гъэм цІыхубзым «Журналист пщафІэхэм я зэгъуэныгъэ» къызэриГэпэщІуэ щытащ, гатехэмрэ журналхэмрэ ящІрадзэ пщэфІыкІэ Іэмалхэр зэтрагъэхуэн папщІэ. Клетчаткэ куэду зыхэлъ щІакхъуэхэкІхэр цІыхуэхэм фІыуэ зэрариГэлъэгъуам щхьэкІэ, къэрал саугъэт къратауэ щытащ.

Тхылъхэм я бзэкІэ

Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм, Шарджэ къалэм, щекІуэкІащ «Sharjah International Book Fair-2023» 42-нэ дунейпсо тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы хэтащ Урысейм щыщ тхакІуэхэр, Урысей къэрал сабий библиотекэм и лэжьакІуэхэр. Ди къэралым и стендыр къызэригъэпэщащ Гуманитар тхылъ тедзапІэ зэгуэтым. ЩІэгъэкъуэн хъуащ УФ-м бжьыгъэ зи лъабжьэ зыуэжьыныгъэмкІэ, связымрэ хъыбарегъащІэ Іэмалхэмкіэ и министерствэр. Урысейм икІа лІыкІуэхэм яхэту ОАЭ-м щыІащ ди адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къанаикъуэ Заринэ. Урысейм и лъэпкъхэм я литературэр зыгъэлъэгъуахэм ящ ар.

- УРЫСЕЙМ и тхылъхэр игъэлъагъуэу, тхакІуэ пажэхэр дуней псом кьаригъэцІыхуу и хабзэщ. Мы тхылъ гъэлъэгъуэныгъэми мыхьэнэшхуэ иІащ абы и лъэныкъуэкІэ - и фІыр щигъэлъэгъуэн утыку хъуащ. Сэ Іуэхум сыхэтащ Гуманитар тхылъ тедзапІэ зэгуэтым Урысейм и лъэпкъэм я литературэм зегъэужьыныкІэ илэжьыр згъэлъагъуэ. Дауи, си Іэдакъэщ Іэкіэхэми щхьэхэуэ сытепсэлъыхьащ, - жиІащ Заринэ. Шхьакъэ здэщыІэм школакІуэхэм ІуэгъэщІати, ар ахутепсэлъыхьащ езым пьесхэр зыхуитх «Сыринэ» щІалэгъуалэ театрым и ІуэхущІафэхэм.

1982 гъэ лъандэрэ Шарджэ мы Іэхэумкіэ къалэну зыхуагъэувыжыр щІалэгъуалэр тхылъым дегъэхьэхьынырщ. Мы гъэм абы хэтащ къэрал 69-рэ. «Тхылъхэм я бзэкІэ допсалъэ» - аращ мызыгъуэгум гъэлъэгъуэныгъэм фІащар. Дуней псом щыщ тхылъ тедзапІэ 2033-м къашар тхылъ мелуан 1,5-рэ хъурт. ТхылъхэмкІэ зэфІэкІакъым, щэнхабзэ Іуэхугъуэ куэди абы иращІэкІащ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщыщІэуахьэм, щэйх Алькасими СультІан бин Мухаммад и гуапэу тепсэлъыхьащ хьэрыпыбзэм и тхыдэм и япэ том 17 къызэрыдэкІам. Ар хьэрпыбзэм зэрызиужьар лІэщІыгъуэ 17-м тегушхуэз зэряджа лэжьыгъэшхуэщ. Ар щІэныгъэлІу, редактору, корректору цІыху 500 зытелажьэ Іуэху абрагъуэщ. Хьэрпыбзэр къызэрыунэхурэ къызэрыгъэгъуэгурыкІуар щызэпхърыхащ, щІэджыкІакІуэхэм дихьэхыу ядж. Томи 110-р и кІэм нагъэсыным ильэсих текІуэдэнущ.

Гъэлъэгъуэныгъэм Іуэхугъуэ гъэщІэгъэун куэд къызэщІрагъэуБыдащ. АбыкІэм ящыщщ «Тюрьма штрих-кода» спектаклыр, 2023 гъэм къырибыдэу Хьэрыл Эмират Зэгуэтхэм щагъэуВаухэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэ дыдэр, зэрагъэльэгъуар. Шарджэ щекІуэкІа зэІуЩІэм щыщ зыт триллерхэм я фестивальр, я жанрым ит тхыгъэхэр зи Іэдакъэщ Іэкіэхэр зрагъэблагъар. Гъэльэгъуэныгъэм хиубыдащ иллюстрацэ, комикс, аниме жьхуэтІэ лІэужьыгъуэхэмкІэ дунейм псом щыщ сурэтыщІ куэдым ирагъэкІуэкІа мастер-классхэмрэ семинархэмрэ.

Гулъытэ лей щыхуащІащ ныбжьыщІэхэмрэ сабийхэмрэ. Стендхэм къытрагъэуВа тхылъхэм я процент 70-р сабий литературэм щыщт. ЦІыкІуэхэр школ автобусхэмкІэ гъэльэгъуэныгъэм кьашэрт, абыхэм яхуэтхэ тхакІуэ усакІуэхэм Іуагъащ Іэрт. Хьэрыл студентхэм хуагъэзащ Нигерием щыщ драматург, тхакІуэ, усакІуэ, 1986 гъэм Нобель литературэмкІэ и саугъэтым и лауреат хъуа Шойинк Воле.

Урысейр илъэс къэс хэтщ тхылъ фестивалым. Мы гъэм абы кІуащ усакІуэ, эдэзэкІакІуэ, «Московский счёт» саугъэтым и лауреат Ермаковэ Иринэ, Урысей къэрал сабий библиотекэм и унафэщІ Веденяпинэ Марие, усакІуэ, литературэ критик, эдэзэкІакІуэ Корнагин Кирилл, адыгэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэ, тхыдэщІэныгъэхэмкІэ доктор Муравьёв Алексей, РГДБ-м щэнхабзэ программэхэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Мышковская Ольгэ, Урысейм и Правительствэм Щэнхабзэмкіэ и саугъэтым и лауреат Отрошенко Владислав, сабий тхакІуэ, лингвист Соболь Екатеринэ, журналист, сабий тхакІуэ, драматург Усачев Андрей. Урысей Федерацэм и стендымкІэ жэуапхьыу щытащ ОГИ-м и тхылъ тедзапІэм дунейпсо гъэльэгъуэныгъэхэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Галямовэ Венерэ.

Урысейм и лІыкІуэхэм зыщІалІьыхьащ Дубай щыІэ урыс дунейпсо школым. Ар урысей егъэджэныгъэ программэхэм тету мэлажьэ. Школым щоджэ Урысеймрэ СНГ-м хэт адрей къэралхэмрэ щыщ сабийхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

Хуэдитіым нэблагъэкІэ нэхъыбэ

«Россельхознадзор»-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм къыззэритамкІэ, ди республикэм гъавапхъэу Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ щІыналъэхэм яхуригъашэм хуэдэ 1,8-кІэ хигъэхъуащ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщІидзэрэ КъБР-м я къэралым и адрей щІыпІэхэм яхуиуТыпщащ гъавапхъэу тонн мин 277,3-рэ. 2022 гъэм республикэм иджы хуэдэ пІаІэм ирихьэлІэу абыхэм яхуригъэшауэ щытар тонн мини 155,3-рэщ.

Къыхэдгъэщынщи, Къбэрдей-Балъкъэрыбэм нэхъыбэу ирашыр нартыху жьыпрэщ. ГъавэхэкІыу псори зэхэту щІыналъэхэм ярищэм и процент 80-р абы къыІуос. Псом хуэмыдэу нартыхум щІэупщІэ щиІэщ Дагъыстэнымрэ Астрахань областымрэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Семирамидэ и хадэр

«Семирамидэ и хадэ кІэрыщІахэр» пасэрей Вавилоным бгъэдэлъа зэфІэкІышхуэм и дамыгъуэ къэнащ. Хъыбар куэд зиІэ а хадэ къызэрымыкІуэр Вавилоным и тепщэгъуэр зэманкІэ зыІэщІэлъа Навуходоносор ЕтІуанэм и щхьэгъусэ Семирамидэ и цІэм ирапх.

ПАЩТЫХЬ нысащІэр зыщыщыр Мидие щІыналъэрт, и цІэр Амидист. Вавилоным Ассирие къэралыгъуэр къезауэ зэпытти, Мидием и пащтыхь Киаксаррэ Навуходоносоррэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэри, благъи зыззхуащІащ. Езыхэм я бзэмкІэ хъыджэбзым и цІэр Шамураматт, аращ алыдж къэпсэлъыкІэ Семирамидэр къыдикІар. ПащтыхьитІыр зэгъусэу Ассириемэ текІуащ, щІыналъэр тІууэ зэхуагуэшыжри, тхъэрэ псэууэ къэнэжат. Ауэ хъыджэбзым пшахъуалъэу щыт Вавилоным къэкІыгъэ зэрыщІмащІэр щхьэщІхьыуэрэ къыдригъэжейрт.

Арати, нысащІэм Вавилоным игу щригъэгъэтІылъын папщІэ, пащтыхьым хадэшхуэ хуэхисэну мурад ещІ. Ар лъагэу кІэрыщІауэ ягъэкІын хуей щІэхъуар щІыр нэгъуэщІыпІэ нэхъ щышрашар арагъэнщ, вавилонощІыр зэрысабалъэм кьыхэкІыу. КъэкІыгъэхэр унэ кІуэцІым щІэт удз гъэгъахэм ещхьу, ягъахьэзыра ашык абрагъуэхэм хасэри, блинхэм трагъэзэгъажащ.

Тхылъхэм къызэрахьжамкІэ, Семирамидэ и хадэхэр къатилІу зэтетт, метр 25-рэ зи лъагагъ мывэ пкъохэм яІыгъыу. Езыр пирамидэм ещхьт, и лъабжьэ зэпэлІымэр зы лъэныкъуэмкІэ метр 42-рэ хъууэ, нэхъ бгъуэзи лъэныкъуэ - метр 34-рэ хъууэ. Псы щІагъэлъадэр кьыщІэмыжьын папщІэ, хадэм и лъэгум псыпщІэ къамыл ираІъхьэрт, итІанэ абы удэхэр, къэкІыгъэхэр, жыгхэр хасэжьырт. Зэи мыгъуалэ хадэм щІагъэльадэ псыхэр ахэр зыІыгъ пкъохэм я кІуэцІым ит бжьамийхэмкІэ зэбграшырт.

Блын задэхэм тету къагъэкІа а хадэр апхуэдизкІэ къызэрымыкІуэти, «дунейм и тельыджэ еянэ» фІащащ. Дуней жэнэтым и щапхъэу къалъытэ а щІыпІэм ирагъэщху, хадэ куэд къагъэкІащ абы льандэрэ. Семирамидэ и цІэр зезыхьэм ит къэкІыгъэхэм къалэр ягъэщІэращІэ кьудейтэкъым, къыпыкІэхэр яшхырт. Езыр апхуэдизкІэ Іэмал гъэщІэгъэнкІэ зэгъэпэщат, а лъэхъэнэм архитектурэри псы щІэгъэльэдэкІэ Іэмалхэри жьжьэ зэрынэсам и щыхьэту кьэнащ.

Вавилон къалэр нэгъуэщІ зыгуэркІи цІэрыІуэщ. Псоми ящІэ Тхьэр къагъэгубжьу, бзэхэр щыІэзагъэззэрыхьыжа цІыху къызэфІэщыжахэр а къалэм зэрыдэсар. ЦІыху дунейм тетыр зы бзэкІэ псалъэу щытати, вавилон пащтыхьым уафэм нэс чэщанэ дрищІеину мурад ищІри, нэлатыр кьытехуащ. Абы льандэрэ бзэкІэ дуней тетыкІэ хабзэкІи дызэтеуэжьыркъым. Ар хъыбар кьудей кьыщІэкІынщ. Ауэ тхыдэджжэм яткхэм урипльэмэ, Фурат (Евфрат) псым и Іуфэм деж япэ унэхэр щаухуэн щІадзэ кьэунэхуэ пасэрей къалэщ Вавилонщ. И къару ильыгъуэр Аккад пащтыхьгъэпэщат, а лъэхъэнэм архитектурэри псы щІэгъэльэдэкІэ Іэмалхэри жьжьэ зэрынэсам и щыхьэту кьэнащ.

Вавилон къалэр нэгъуэщІ зыгуэркІи цІэрыІуэщ. Псоми ящІэ Тхьэр къагъэгубжьу, бзэхэр щыІэзагъэззэрыхьыжа цІыху къызэфІэщыжахэр а къалэм зэрыдэсар. ЦІыху дунейм тетыр зы бзэкІэ псалъэу щытати, вавилон пащтыхьым уафэм нэс чэщанэ дрищІеину мурад ищІри, нэлатыр кьытехуащ. Абы льандэрэ бзэкІэ дуней тетыкІэ хабзэкІи дызэтеуэжьыркъым. Ар хъыбар кьудей кьыщІэкІынщ. Ауэ тхыдэджжэм яткхэм урипльэмэ, Фурат (Евфрат) псым и Іуфэм деж япэ унэхэр щаухуэн щІадзэ кьэунэхуэ пасэрей къалэщ Вавилонщ. И къару ильыгъуэр Аккад пащтыхьгъэпэщат, а лъэхъэнэм архитектурэри псы щІэгъэльэдэкІэ Іэмалхэри жьжьэ зэрынэсам и щыхьэту кьэнащ.

Тхыдэм нэхъ къыхэщІа пэнэІуэщІхэм язщ Хаммурапи пащтыхьым и унафэ зехьэгъуэр, ди эрэм ипэкІэ 1792 гъэм ятхар. «Хаммурапи и хабзэ» жьхуаІэр ираджьрей конституцэхэм я адэжьу къалъытэ. 1901 гъэм пасэрей Вавилоным иубыду щыта щІыпІэм Хаммурапи и хабзэхэр мывэм теІуащІыхьауэ къыщІагъуэтыжри зэрадзэкІащ.

МетритІ зи лъагагъ мывэ блыным тет хабзэ 282-р лІэужьыгъуэ зыбжанэу игузэшырт: граждан хабзэ, щІэпхъаджагъэу къалъытэр, щІыр гуэшын зэрыхуейр, кІуинэмыщІхэр. Пасэрей Месопотамиерат Вавилоныр зыхьыхьэри, псори а щІыпІэм щызекІуэ аккад бзэмкІэщ зэрытхар.

Псалъэм папщІэ: «Зыгуэрым нэгъуэщІым ищІ кьиубыдмэ, укІ тезыр кьытхуэу». «ПщыпІым и пщыр икІмэ, укІ тезыр кьытохуэ».

Вавилоным нэхъ пащтыхь гущІэгъуншэу дэсхэм яэу жаІэ ищхьэкІэ зи цІэ кьыщитІуа Навуходоносор ЕтІуанэр. Абы и лъэхъэнэрщ къалэр быдапІэ щыхьуари нэхъ зыщІужьари.

Зыззмэн Вавилоным Персиер кьебгъэрыкІуари къытекІуащ. Ауэрэ Македонский Александр утыкум къихьэри, абыи мы къалэр и унафэ щІэтхэм хигъэхьауэ щытащ. Нобэрей картэмкІэ Вавилон къалэжьым и къутахуэхэр Багдад километр 88-рэ хуэдизкІэ пэжьжьэу хуагъэфащэ. Ухуэныгъэхэр, дауи, итыжьхьым, ауэ щІэх-цІэхьыуэ зэхпшыныжьжьэр кьыщІа-хьыж. Ди къежьапІэр зэтпх хьет/хьэт къэралыгъуэр нобэ зи гугъу тщІы Вавилоным гъунапкъэкІэ екІуалІэу щытащ.

Мы пасэрей пащтыхьыгъуэр иджыри унэ уху зкІэ гъэщІэгъэнкІэ цІэрыІуэт. 1892 гъэм къагъуэтыжа уху зныгъэкъэ мывэ хэмытыхэу, ятІэ чырбыш защІэкІэ зэтралъхьауэ кьыщІэкІащ. Блынэкъэ дыщэм хуагъадэ мывэ щІыху лъапІэкІэ кьищІыкІат. Унэ нэхъыбэм зы пэш закъуэ хэту арат. Нэхъ бейхэм ар къэкІыгъэ зэрыт кхъуэщынэхэмкІэ, жэщ уэздыгъэзэмкІэ ягъэщІэращІэрт. Вавилон дежа къыщагъуэтыжащ сабийхэр зэрыджжэгуу щыта ятІэ джэгуалъэхэри, балигъхэм нобэми зэрахьэ кІэнэри. Вавилон и медицинэми фІыуэ зиужьат. Пасэрей тхыгъэхэм кърахьжа хъыбархэм зэрыжаІэмкІэ, мы къалэм дзт бззэрхэм сымаджэхэм папщІэ къызгъэнапІэ щхьэхуэ хэтти, бззэрым техьахэр абыхэм ябгъэдыхьэрэ ягъэкр дахэ хуащІын хуейт. Чэнджэщ фІэкІа иумытыми, сымаджэм ущІэуупщІэныр хабзэт. Езы сымаджэхэр тхъэелъэІупІэхэм кІэуну хагъэзыхьыпт. Абы щыпажьэ духъэшьхэм щыІур и гъащІэм щІагъэгупсысыжьырт, тхъэ нэлат кьыщІытехуэнкІи щыІур щхьэусыгъуэхэр игу кьиГъэкІыжьыным ираухупІэу. ЩІыпІэ ІэщІащІкІэ зыкъиумысмэ, уэри Іуэхуэту къалъытэрт. Тхыдэджжэм Вавилон кьыщагъуэтыжа тхыгъэхэм хущхъуэ зэхэлъхьэкІэхэри хэтауэ жаІэ.

Дунейр ди япэкІи щыІащ, адэкІи къызэрыхуихам хуэдизуэнущ. Дигу хэзыгъэщІ къэхуэкъащІэхэм дамыгъэгужьеин, фІым дыщыгугъэфу дыкъэнэн папщІэщ мы тхыдэ напэкІуэцІкэр къыщІызэтеддзэн. ЩІэныгъэ зыбгъэдэлъыр хъыбарыщІэм къигъапщІэркъым.

ПІланэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Зэлуащlэхэр

ХэкулI щэджащэ

Къэрал, политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Мэлбахъуэ Тимборэ къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу абы и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм фэеплъ пшыхь щекIуэкIащ.

ЗэIУЩIэМ хэтащ КъБР-м исхэм я хуитыныгъэр хъуэныжмкIэ уполномочнэ Зумакулов Борис, КъБР-м и Парламентым и депутат, КIПР-м и щIыналъэ къудамэм и ягъэ секретарь Пащты Борис, КъБР-м и Парламентым и депутат Кебеков Владимир, нэгъуэщIхэри.

Библиотекэм и лэжьакIуэхэм «Имя - как примета эпохи» тхылъ дапхъэ ягъэхьэзыраща, лъэпкъым и къуэ щэджащэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуауэ.

Пшыхьыр къызIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ библиотекэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Емуз Анатолэ. Абы и псалъэм къыхиутыщащ Мэлбахъуэ Тимборэ и унафэм ущIэту улажьэным зы лъэныкъуэкIэ пщIэрэ щIыхьрэ пылъами, тыншу зэрыщIымытар, и лэжьэгъуэхми и щхьэми кьалэн инхэр яхуиГэуву кьыззэрекIуэкIам къыхэзкIыу.

- Къэрал лэжьакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэм яущIыщу щытащ Мэлбахъуэр. Лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр, нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна хьэл-щэн нэхъыфIхэр дэпльагъурт а цIыху акъылыфIэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIым хуэзфIэкIырт щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ псори зэкъуигъэувэну. Ар шыIэныгъэ зыхэлът, къулыкъушхуэ иIыгъми, пагэтэжьым. Абы и щхьэ, и унагъуэ IуэхукIэ кьыхуей хьуахэр Мэлбахъуэм хуэзэфынут. Аращ егъэлеиуэ пщIэ зуащIу щIышытари, - жиIащ Емузым. - ЩIэнгъуазэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ Мэлбахъуэм и щIалэгъуэм щыщIэдзауэ тхылъ зэхуихьэсащ. Абыхэм ящыщ куэд библиотекэм тыгъэ къыхуищIащ илъэу Ольгэ. Абы щыIэжьа нэхъыжьхэм зэрыжиIэжьымкIэ, Мэлбахъуэр я Iуэхущапlэм къэкIуэрейт икIи тхылъхэр хуэсакъыу зэрихьэрт. Классикэ теплъэ зиIэ библиотекэ нэхъыщIэхэр абы и щIэинщ. 2007 гъэм щыщIэдзауэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зэрехьэ республикэм и библиотекэ иным.

Зумакулов Борис Мэлбахъуэ Тимборэ и дуней тетыкIар игу къыщIигъэкIыжьым, и псалъэм къыхиутащ ипэщIыкIэ Хэкум, иужькIэ и щхьэм егупсысэм ящыщу ар зэрыщIтар.

- Мэлбахъуэ Тимборэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ, псэемыблэжу къэралым къыщIэкIащ зэрыхуищIар, и унафэм щIэта республикэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыригъэфIэкIуар щIалэгъуалэм я дежкIэ щапхъэфIщ, - жиIащ Пащты Борис.

ТекIужь Заретэ.

Джэду хъумакIуэ

(Теплъэгъуэ кIэщI)

БЖЭIУПЭМ Iут роозэхэр ипщIэу здэщысым, Лизэт гу лъитащ, а и Iэр зыхэлъ дыдэм хуэзэу кьыхэщ кIапэ псыгъуэ гъэбжафэм. КIэлъыплъурэ ар кIэщIэкIуасэрт удз лъабжьэм. Щындыр-хъуощ жиIэнущи, абыхэм нэр темыпыIэу къажьхь, я кIэри удзыфэщ... Гур здэжам пкъыр дэтхытхащ - роозэр зыкIэщIэт унэ лъабжьэм и зы дзакIэ зыщIиукъуэдиИуэ мыхьейуэ кIэщIэлът блэ гъуабжэ кIыхь. Лизэт и пIэм ижьхьащи, лъэр хуэзэщIэхыркъым - егъэщIагъуэ ар къызэремыуар. Иджы псом нэхъэрэ нэхъ зыщIышынэр блэм зигъэпщкIуныкIэ зэрыхьунурт - псэу итIанэ, гулэгущтэ ухэмыкIыу. Асихьэтым и джэду къуэлэнышхуэр игу кьэкIри, еджащ. Ар къэмысынкIэ Iэмал иIэтэкъым, Iэхэлъхэм итыхэмэ...

КIущэ къыбгъэдэлъадагащ, Лизэт и кIэкъуащIэр ирегъэжьыжьыгъуэ зэрыщIэкIыр. Ар ирихьэкIыжьащ. Ар ар кьыпхъуатэри, блэр зыщIэщIэкIуасэрт удз лъабжьэм. Щындыр-хъуощ жиIэнущи, абыхэм нэр темыпыIэу къажьхь, я кIэри удзыфэщ... Гур здэжам пкъыр дэтхытхащ - роозэр зыкIэщIэт унэ лъабжьэм и зы дзакIэ зыщIиукъуэдиИуэ мыхьейуэ кIэщIэлът блэ гъуабжэ кIыхь. Лизэт и пIэм ижьхьащи, лъэр хуэзэщIэхыркъым - егъэщIагъуэ ар къызэремыуар. Иджы псом нэхъэрэ нэхъ зыщIышынэр блэм зигъэпщкIуныкIэ зэрыхьунурт - псэу итIанэ, гулэгущтэ ухэмыкIыу. Асихьэтым и джэду къуэлэнышхуэр игу кьэкIри, еджащ. Ар къэмысынкIэ Iэмал иIэтэкъым, Iэхэлъхэм итыхэмэ...

КIущэ къыбгъэдэлъадагащ, Лизэт и кIэкъуащIэр ирегъэжьыжьыгъуэ зэрыщIэкIыр. Ар ирихьэкIыжьащ. Ар ар кьыпхъуатэри, блэр зыщIэщIэс уиж хьэкIащIэс уиж лъабжьэм КIэлъыплъурэ ар к